



# Office of Children and Family Services

ANDREW M. CUOMO  
Gouvènè

SHEILA J. POOLE  
Manm Komisyon Pwovizwa

Dat la  
Referans: ID Dosye:  
ID Etap Admisyon an:  
Dat Admisyon an:

Non  
Adrès 2  
Adrès 3  
Adrès 4

Chè

Lèt sa a se pou ba rezilta ankèt nan yon rapò abi oswa move tretman sispèk sou timoun biwo sèvis pwoteksyon timoun (child protective services, (CPS)) t ap mennen ankèt sou li. Nou te detèmine rapò a "pa jistifye". Sa vle di CPS pa t jwenn prèv nou kwè (prèv kredib) ki endike timoun te viktim abi oswa te maltrete.

Rejis Santral Eta New York pou Abi ak Move Tretman sou Timoun (New York Statewide Central Register of Child Abuse and Maltreatment, (SCR)) sele legalman rapò ki pa jistifye yo. Sa vle di SCR pral konsève yon dosye rapò ki pa jistifye, men n ap kenbe tout enfòmasyon yo konfidansyèl epi nou p ap divilge yo ba okenn moun oswa ba okenn òganizasyon sof pou yon ti kantite sikonstans lwa leta otorize. Nou ka mete yon rapò sele disponib pou CPS oswa yon ajans leta k ap mennen ankèt sou yon nouvo rapò abi oswa move tretman sou timoun ki konsène moun ki konsène a (moun yo di ki fè zak la), timoun viktim nan oswa frè/sè timoun nan. Yon rapò sele ki pa jistifye pa disponib pou patwon yo oswa ajans ki bay lisans yo.

N ap efase rapò sele yo, sa vle di n ap detwi yo, dizan apre dat rapò a epi yo p ap disponib pou nenpòt moun nan okenn sikonstans. Sa ap rive otomatikman epi sa p ap egzije pèsòn fè okenn aksyon.

Tanpri sonje nou trete chak rapò apa, epi lè rapò patikilye sa a sele sa p ap afekte okenn lòt rapò kote non ou ka site kòm yon akize oswa kòm yon lòt moun. Poutèt sa, si nou te fè ou konnen anvan yon rapò diferan te "jistifye", lè sa a rapò a ap rete nan SCR epi nou p ap sele li. Si ou resevwa sèvis akòz yon rapò diferan, rezilta a p ap chanje sèvis yo.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan lèt sa a, tanpri rele nimewo 1-844-337-6298, ant 8 a.m. ak 5 p.m. lendi jiska vandredi, sof jou ferye, oswa ekri Rejis Santral Eta (adrès lamake anba la a) epi mete yon kopi lèt sa a sou ID Dosye a ak ID Etap ki nan lèt la. Nimewo ID yo nan kwen anwo adwat lèt sa a.

Ak tout kè nou,

Sheila McBain, Direktè  
Rejis Santral Sèvis (Statewide Central Register)  
Divizyon Sèvis Sosyal Timoun ak Sèvis Kominote  
(Division of Child Welfare and Community Services)

#111